



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
Appearance Enhancement
P.O. BOX 22049
Albany, NY 12201-2049
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429
www.dos.ny.gov

Lis Tout Sa pou Genyen pou Pwopriyetè Biznis Amelyorasyon Aparans Fè Pwòp Enspeksyon yo

Entèpretasyon Metòd Enspeksyon an

Depatman-Deta ("Depatman" an) te prepare fòm sa a pou ede eksplike metòd enspeksyon an pou ou kapab konfòme ou avèk lwa ak règleman leta ki gen pou wè ak biznis ou. Si ou swiv règ sa yo sa ap ede ou evite amann oswa lòt disiplin, epitou sa ap ede ou pwoteje piblik la kont kondisyon ki pa ijyenik oswa lòt kondisyon danjere. Depatman an rekòmande pou ou fè enspeksyon pa ou chak peryòd tan yon fason pou ou ak anplwaye ou yo pare lè yon vrè enspeksyon ap fèt toutbon. Tanpri, sonje lis sa a pa konplè, men li la pou bay endikasyon sou pwoblèm ki prezante pi souvan pandan enspeksyon yo.

LISANS POU LOKAL BIZNIS LAN

Èske ou gen yon lisans pou biznis amelyorasyon aparans Depatman-Deta ba ou? Wi

Èske lisans biznis ou ajou (pa ekspire)? Wi

Ou dwe afiche sèlman lisans ki ajou yo.

Èske lisans ou afiche a gen yon foto ladan ki ajou? Wi

Èske lisans biznis ou afiche nan yon espas piblik pou kliyan yo kapab wè li? Wi

Èske non pwopriyetè ak adrès lisans lan ajou ak kòrèk? Wi

Si ou reponn non, ou pa bezwen aplike pou yon nouvo lisans biznis.

Èske gen yon ansèy ki afiche nan yon espas piblik pou kliyan yo wè li endike biznis lan ak operatè yo gen lisans Depatman-Deta Eta New York epi règ ak règleman ki detèmine

biznis ak pratik yo disponib pou revize sou demann? Wi

Èske gen yon lis pri detaye ki afiche pou sèvis ou bay yo?..... Yes

Si ou bay Sèvis Espesyalite nan Zong, èske ou gen yon Deklarasyon Dwa Travayè ki afiche? Wi

Èske ou gen pwoteksyon asirans pou responsablite pwofesyonèl pou omwen \$25,000 dola pou chak evènman apa ak \$75,000 dola nan limit total? Wi

Èske ou gen yon depo garanti pou salè anplwaye yo? Wi

Se pa tout biznis ki obligatwa pou gen youn.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb nou nan <http://www.dos.ny.gov/licensing/appearance/em-reg-appearance.html>

Èske tout anplwaye ou yo konnen kote ou mete prèv responsablite a, pou depo garanti pou salè anplwaye yo ak fèy MSDS yo? Wi

LISANS PÈSONÈL

Èske tout anplwaye ou yo gen yon lisans/lisans estajyè? Wi

Èske lisans chak travayè estidyo bote a ajou (pa ekspire)? Wi

Ou dwe afiche sèlman lisans ki ajou yo.

Èske lisans orijinal ou afiche a gen yon foto ladan ki ajou?..... Wi

Èske lisans biznis ou afiche nan yon espas piblik pou kliyan yo kapab wè li? Wi

Èske sèvis chak anplwaye ou ofri a otorize avèk lisans yo? Wi

Travayè yo gen pèmasyon sèlman pou yo bay sèvis yo dapre kalite lisans yo

Kontinye nan lòt bò fèy sa a

Lis Tout Sa pou Genyen pou Pwopriyetè Biznis Amelyorasyon Aparans Fè Pwòp Enspeksyon yo

SANITASYON / SANTE AK SEKIRITE

- Èske ou gen fèy MSDS yo disponib pou tout materyèl ak sibstans chimik ou itilize nan espas biznis ou?..... **Wi**
- Èske ou gen yon kantite dezenfektan ki ase ak resi pou menm bagay la? **Wi**
- Èske tout pwodui yo konsève avèk etikèt orijinal fabrikan an sa yo pa domaje? **Wi**
- Èske sibstans chimik ak konbistib flamab yo estoke nan yon plaka metal ki lwen avèk kote ki ka pran dife fasil? **Wi**
- Èske chak kliyan resevwa sèvis la avèk lenj ki fèk soti nan lesiv oswa avèk sèvyèt pou jete apre itilizasyon? **Wi**
- Èske ou jete tout materyèl ki pa kapab dezenfekte nan yon poubèl imedyatman apre ou itilize yo? **Wi**
- Èske etajè yo, mèb yo ak enstalasyon yo toujou pwòp, san pousyè, salte ak cheve ak nan bon eta?..... **Wi**
- Èske tout estasyon pou koup cheve, estasyon travay ak tab maniki yo dezenfekte ak netwaye ant sèvis chak kliyan resevwa?..... **Wi**
- Èske tout materyèl ak zouti w ap pote ale-vini nan kote ki lwen nan bwat ki kouvri? **Wi**
- Èske ou kenbe zouti ak materyèl yo (pa egzanp, sèvyèt yo) nan bwat ki apa avèk zouti ak materyèl ou te itilize ak make dapre eta yo? **Wi**
- Èske gen enstalasyon pou lave men ki disponib nan tout twalèt yo? **Wi**
- Èske gen dlo tiyo cho ak frèt nan lokal biznis lan? **Wi**
- Èske gen yon chanm twalèt pou piblik la? **Wi**
- Èske gen plaka pou konsève lenj ak sèvyèt pwòp yo? **Wi**
- Èske gen sibstans chimik pou swen zong ki konsève nan boutèy fèmen? **Wi**
- Si ou bay Sèvis Espesyalite pou Zong, èske gen ase gan pou chak estasyon travay? **Wi**
- Si ou bay Sèvis Espesyalite pou Zong, èske gen ase respiratè atifisyèl pou chak estasyon travay? **Wi**
- Si ou bay Sèvis Espesyalite pou Zong, èske gen ase pwoteksyon pou zye kèlkeswa lè travayè yo ap prepare, transfòme oswa vide sibstans chimik ki ka danjere? **Wi**
- Èske ou elimine dechè yo nan yon poubèl dechè ki kouvri? **Wi**